Mari/Madanm

Depandan(yo)

Non (ale nan pwochen kesyon an)

Èske anplwayè a ofri yon plan sante ki satisfè estanda valè minimòm nan?\* fòmilè bay anplwaye a)

Wi (ale nan pwochen kesyon an)

Non (KANPE epi retounen

Pou plan pri ki pi ba a ki satisfè estanda valè minimòm\* yo ofri **sèlman pou anplwaye a** (pa enkli plan fanmi yo): Si anplwayè a gen pwogram byennèt, bay prim ke anplwaye a ta peye si li te resevwa rabè maksimòm pou nenpòt pwogram sispansyon tabak, epi li pa t resevwa okenn lòt rabè ki baze sou pwogram byennèt.

Konbyen anplwaye a ta dwe peye kòm prim pou plan sa a? \$ \_\_\_\_\_

Konbyen fwa?  Chak semèn  Chak de semèn  De fwa pa mwa  Chak mwa  Chak trimès  Chak ane

Si plan w lan pral fini byento epi ou konnen plan sante yo ofri yo pral chanje, ale nan pwochen kesyon an. Si w pa konnen, kanpe epi retounen fòmilè a bay anplwaye a.

Ki chanjman anplwayè a pral fè pou nouvo ane plan an?

Anplwayè a pa pral ofri kouvèti sante

Anplwayè a pral kòmans ofri kouvèti sante bay anplwaye yo oswa chanje prim lan pou plan pri ki pi ba ki disponib sèlman pou anplwaye ki satisfè estanda valè minimòm lan.\* (Prim lan ta dwe reflete rabè pou pwogram byennèt yo. Gade kesyon ki anwo a.)

Konbyen anplwaye a ta dwe peye kòm prim pou plan sa a? \$ \_\_\_\_\_

Konbyen fwa?  Chak semèn  Chak de semèn  De fwa pa mwa  Chak mwa  Chak trimès  Chak ane

Dat chanjman an: (mm/jj/aaaa) \_\_\_\_\_

\*Yon plan sante anplwayè a esponsòriz satisfè "estanda valè minimòm nan" si pati plan an pou depans total pou avantaj otorize ki kouvri pa plan an pa mwens pase 60 pousan nan depans sa yo (Seksyon 36B (C)(2)(C)(ii) Kòd Revni Entèn 1986).





## Dwa ak Responsablite w Li sou dwa ak responsablite w:

### DWA POU NON-DISKRIMINASYON

Enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, sèks ak nan kèk ka relijyon oswa konviksyon politik.

Depatman Agrikilti Etazini entèdi tou diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan yo nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA fè oswa finanse.

Moun yo ki gen andikap ki bezwen mwayen altènatif pou kominikasyon enfòmasyon pwogram nan (egzanp Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans la (Eta a oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, mal pou tandè oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram nan kapab disponib nan lòt lang apre angle.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli Fòmilè Plent pou Diskriminasyon an nan Pwogram USDA a, (AD-3027), ki disponib sou entènèt nan: [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese a USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòmilè a. Pou mande yon kopi fòmilè pou depoze plent la, rele (866) 632-9992. Depoze fòmilè ou konplete a oswa lèt la bay USDA pa:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, DC 20250-9410
- (2) faks: (202) 690-7442; oswa
- (3) voye yon imel bay: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

Pou nenpòt lòt enfòmasyon konsènan pwoblèm Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP) a, moun yo ta dwe swa kontakte Nimewo Liy Dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki an Panyòl tou oswa rele nan nimewo Enfòmasyon Eta a/Liy Dirèk (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nimewo Dirèk pa Eta); ki disponib sou entènèt nan: [http://www.fns.usda.gov/snap/contact\\_info/hotlines.htm](http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm).

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram k ap resevwa asistans finansye federal atravè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (HHS), ekri: Direktè HHS la, Biwo pou Dwa Sivil, Sal 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, DC 20201 oswa rele (202) 619-0403 (vokal) oswa (800) 537-7697 (TTY).

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

### DWA A KONFIDANSYALITE

Nou pral kenbe enfòmasyon ou yo prive. Li pral sèvi sèlman pou deside pou ki pwogram ou ka elijib. Biwo asistans konte a (CAO), lè yo mande l, dwe bay ofisyèl lapolis federal, eta ak lokal yo adrès, nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ak foto (si li disponib) yon moun k ap kouri pou evite pousuit, gadavi oswa anprizònman pou yon krim oswa vyolasyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl. Nenpòt moun ki fè espri vyole nenpòt nan règ ak règleman depatman sa a dwe koupab de yon deli epi, lè yo deklare l koupab, li dwe kondane pou peye yon amann ki pa depase san (\$ 100) dola, oswa sibi yon pèn anprizònman ki pa depase sis mwa, oswa toude (62 P.S. section 483).

### DWA A YON AVI ALEKRI

Nou pral ba ou yon avi alekri ki eksplike avantaj ou yo. Si nou refize, chanje, kanpe oswa sispann avantaj yo, n ap ba ou yon eksplikasyon alekri sou rezon an. Ou gen 30 jou (90 jou pou avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP)) apati dat anwva pa lapòs avi a pou mande yon odyans.

### DWA POU FÈ APÈL

Ou gen dwa pou mande yon odyans Depatman Sèvis Sosyal la (DHS) pou fè konteste yon desizyon si ou kwè li enjis oswa pa kòrèk, oswa si DHS pa rive ajì sou aplikasyon w lan pou avantaj yo. Ou ka depoze apèl la nan CAO a. Si w fè apèl, ou ka mande tou yon konferans ajans anvan odyans lan. Si apèl ou a enplike avantaj SNAP aksele, ou gen dwa gen konferans sa a ak yon sipèvizè nan de jou ouvrab. Nan odyans lan ou ka reprezante tèt ou, oswa yon lòt moun, tankou yon avoka, zanmi oswa manm fanmi ka reprezante ou.

### DWA POU REKLAME YON MOTIF VALAB

Si ou aplike pou avantaj lajan kach oswa Asistans Medikal, lalwa egzije pou ou kolabore pou etabli patènite epi chèche sipò. Yo ka dispanse w de kondisyon sa yo si w pwouve li ka danjere pou ou ak/oswa pitit ou yo. Yo rele sa rezon valab. Si yo pa etabli yon egzanpsyon pou rezon valab, ou pral oblije satisfè kondisyon travay ak fòmasyon yo. W ap gen pou respekte tou egzijans yo nan zafè rapò chak semès, sof si yo akòde yon rezon valab.

### DWA A SÈTIFIKA KOUVÈTI KREDITAB

Lwa federal la limite lè yo ka refize oswa limite kouvèti sante pou yon kondisyon ki deja egziste. Si ou enskri nan yon plan sante gwoup ki eskli tretman pou yon pwoblèm ou te deja genyen, yo ka kredite w pou tan ou te resevwa kouvèti Asistans Medikal. Sa ka ede w jwenn kouvèti. Kontakte travayè sosyal ou a pou mande sètifika sa a.

### RESPONSABILITE POU BAY ENFÒMASYON

Ou dwe bay enfòmasyon ki vrè, kòrèk epi konplè. Ou dwe ede nan pwouve enfòmasyon ou bay yo. Yo ka refize avantaj yo si ou pa bay sèten prèv. Si ou pa ka bay prèv, ou ta dwe mande CAO pou ede w jwenn li. Si DHS oswa Biwo Enspektè Jeneral Eta a kontakte w, ou dwe kolabore konplètman ak moun sa yo oswa anketè yo. Si ou gen 55 lane oswa plis epi ou resevwa Asistans Medikal pou peye pou sèvis yon etablisman swen, sèvis egzansyon adomisil ak kominotè ak nenpòt sèvis medikaman ki gen rapò ak lopital ak preskripsyon, ou ka oblije ranbouse pri sèvis sa yo nan sikseyon w. Si w ap aplike pou asistans lajan kach, nou ka mande w siyen yon akò pou remèt avantaj ou menm, mari w/madanm ou ak pitit ou yo te resevwa yo.

### RESPONSABILITE POU BAY NIMEWO SEKIRITE SOSYAL

Pou lajan kach, Asistans Medikal ak/oswa avantaj SNAP, ou dwe bay yon SSN pou chak moun w ap aplike pou li. Si ou pa gen yon SSN, ou dwe aplike pou youn. Lè w pa bay yon SSN sa ka lakòz ou pa kapab resevwa avantaj yo. Pou avantaj lajan kach, nou ka mande yon SSN pou nenpòt moun revni li oswa resous li ka afekte elijiblite ou oswa kantite avantaj yo. Yo pral itilize SSN ou pou rezon idantifikasyon, pou korespondans enfòmasyon ki verifiye revni ak resous, epi pou anpeche diplikasyon avantaj leta ak federal yo. Yon moun ki pa sitwayen k ap aplike pou Asistans Medikal l'jans sèlman pa oblije bay yon SSN. (42 U.S. Code 1320b-7)

### RESPONSABILITE POU UTILIZE KAT AKSÈ PA LEGALMAN

Yon fwa ou elijib pou avantaj yo, yo pral ba w yon kat PA ACCESS. Kat sa a ka sèvi sèlman pou moun ki elijib la epi sèlman pandan peryòd elijiblite a. Ou ka itilize kat la sèlman pou sèvis ki nesèsè ak sèvis ki rezonab.

### RESPONSABILITE POU RAPÒTE CHANJMAN YO

Si w kalifye pou avantaj yo, yo pral mande w pou rapòte chanjman nan sitiyasyon ou yo bay travayè sosyal ou a Sant Sèvis Kliyantèl la. Kalite chanjman yo deklare yo ta gen ladan moun ki kite oswa enstale nan kay la, yon nouvo adrès, yon nouvo travay pou yon moun, si yon moun pèdi yon travay, nesans yon timoun, nouvo sous revni oswa chanjman nan revni, ak lotri ak pwofi jwèt daza. Travayè sosyal ou ak avi ou resevwa yo pral bay detay sou pwogram ak avantaj ou kalifye pou yo. Si w pa deklare chanjman ki nesèsè nan direktiv pwogram nan, sa ka lakòz ou pèdi avantaj, sibi sanksyon, oswa pousuit sivil oswa penal. Ou ka deklare chanjman yo bay CAO an pèsòn, pa telefòn, faks, lapòs oswa atravè yon kont MyCOMPASS. Ou ka deklare chanjman yo tou nan Sant Sèvis Kliyantèl la nan 1-877-395-8930, oswa pou Philadelphia, 1-215-560-7226 nenpòt ki lè.

### DEKLARASYON KI GEN RAPÒ AK LWA SOU LAVI PRIVE

(i) Koleksyon enfòmasyon sa a yo, ki gen ladan nimewo Sekirite Sosyal (SSN) chak moun nan kay la, otorize dapre Lwa sou Manje ak Nitrisyon 2008, jan li amande a, 7 USC 2011-2036d. Y ap itilize enfòmasyon yo pou detèmine si fwaye w la elijib oswa si l ap kontinye elijib pou patisipe nan Pwogram SNAP la. Nou pral verifiye enfòmasyon sa a atravè pwogram korespondans enfòmasyon sa yo pral sèvi tou pou kontwòl konfòmite a règleman pwogram yo ak pou jesyon pwogram lan.

(ii) Yo ka divilge enfòmasyon sa yo bay lòt ajans federal ak leta pou rezon egzamen ofisyèl, ak bay ofisyèl lapolis yo pou arete moun ki pran lafuit pou evite lalwa.

(iii) Si gen yon reklamasyon kont fwaye w la nan kad SNAP la, enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a, ki gen ladan tout SSN yo, ka refere bay ajans Federal ak Etatik yo, ansanm ak ajans rekouvremant reklamasyon prive yo, pou aksyon rekouvremant reklamasyon yo.

(iv) Bay enfòmasyon yo mande yo, ki gen ladan SSN chak manm fwaye a, se yon bagay volontè. Sepandan, si w pa bay yon SSN, sa pral lakòz yo refize avantaj SNAP pou chak moun ki pa bay yon SSN. Nenpòt SSN yo bay pral itilize ak divilge menm jan ak SSN manm fwaye ki elijib yo.



# Entèdiksyon ak Penalite Li sou responsablite ou yo:

SI SA RIVE SAN YON REZON VALAB		SA KA RIVE (PENALITE)
<b>TOUT AVANTAJ YO</b> <b>SNAP</b> <b>LAJAN KACH</b> <b>ASISTANS MEDIKAL</b>	Move Itilizasyon Kat Transfè Avantaj Elektwonik (EBT) oswa Kat PA ACCESS.	Amann, prizon, oswa toude.
	Pa deklare chanjman, selon bezwen yo.	Avantaj yo redui oswa sispann.
	Fè ekspre, bay enfòmasyon ki fo, ki pa kòrèk oswa ki pa konplè, oswa pa rapòte chanjman.	Amann, diskalifikasyon ak/oswa tan anprizònman pou Fwod nan Èd Sosyal, diskalifikasyon pou pwosedi odyan administratif.  Pa elijib pou lajan kach: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Premye fwa - 6 mwa.</li> <li>• Dezyèm fwa - 12 mwa.</li> <li>• Twazyèm fwa - pou toutan.</li> </ul> Pa elijib pou SNAP: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Premye fwa - 12 mwa.</li> <li>• Dezyèm fwa - 24 mwa.</li> <li>• Twazyèm fwa - pou toutan.</li> </ul>
	Chanje, vann oswa eseye chanje, vann, achte oswa itilize kat AKSÈ yon lòt moun.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout kondanasyon tribinal yo - 12 mwa.</li> </ul>
<b>SNAP</b>	Fè ekspre, mal sèvi ak avantaj SNAP, pa egzantp, chanje, vann, oswa achte kat EBT oswa avantaj SNAP; konvèti avantaj; oswa jete resipyan ki achte avèk avantaj SNAP pou resevwa depo – oswa achte bagay SNAP pa kouvri, tankou alkòl oswa tabak – oswa itilize avantaj SNAP pou peye pou manje ki deja resevwa oswa manje sou kredi.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Premye fwa - 12 mwa.</li> <li>• Dezyèm fwa - 24 mwa.</li> <li>• Twazyèm fwa - pou toutan.</li> <li>• Premye kondanasyon plis pase \$ 500 - pou toutan.</li> </ul>
	Achte yon pwodui avèk avantaj SNAP avèk entansyon pou jwenn lajan kach oswa kontrepati ki pa manje ki elijib nan revann pwodui a an echanj pou lajan kach oswa kontrepati ki pa manje ki elijib.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Premye fwa - 24 mwa.</li> <li>• Dezyèm fwa - pou toutan.</li> </ul>
	Fè ekspre, achte pwodui ki te achte avèk avantaj SNAP an echanj pou lajan kach oswa kontrepati ki pa manje ki elijib.	
	Itilize/resevwa avantaj SNAP pou achte dwòg oswa sibstans kontwole.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Premye fwa - 24 mwa.</li> <li>• Dezyèm fwa - pou toutan.</li> </ul>
	Itilize/resevwa avantaj SNAP nan vann zam afe, minisyon, oswa eksplozif.	Premye fwa - pa elijib pou toutan.
	Kondane pou acha, vant oswa echanj avantaj SNAP pou yon total \$500 oswa plis.	Pa elijib pou toutan.
	Bay manti sou ki moun ou ye oswa kote w ap viv pou resevwa plis pase yon avantaj SNAP.	Pa elijib pou 10 lane.
Pran lafuit pou evite pouswit, gadavi, oswa anprizònman akòz yon krim/tantativ krim – oswa pran lafuit pou vyolasyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl.	Pa elijib jiskaske ou fè sa lalwa di.	
<b>LAJAN KACH</b>	Pa konfòme w ak sanksyon tribinal ou a, ki gen ladan peman amann, pou yon krim oswa deli.	Pa elijib jiskaske ou konfòme w ak sanksyon w lan.
	Bay manti sou kote w ap viv pou resevwa lajan kach nan de oswa plis eta.	Pa elijib pou 10 lane.
	Pran lafuit pou evite pouswit, gadavi, oswa anprizònman akòz yon kondanasyon/tantativ krim; pa parèt kòm akize nan yon pwosedi tribinal kriminèl lè yo bay yon konvokasyon oswa yon manda darè pou yon enfraksyon, krim oswa deli; pran lafuit paske ou te vyole pwobasyon/libète kondisyonèl; oswa gen nenpòt manda aktif kont ou.	Pa elijib jiskaske ou fè sa lalwa di.
<b>Si yo jwenn ou koupab nan fwod oswa vyole règleman ki anwo yo:</b>		<ul style="list-style-type: none"> <li>• Amann jiska \$250,000 pou SNAP ak jiska \$15,000 pou Lajan Kach;</li> <li>• Prizon jiska 20 ane pou SNAP ak jiska sèt ane pou Lajan Kach; ak/oswa</li> <li>• Ranbousman avantaj ou te resevwa yo.</li> <li>• Diskalifikasyon pou avantaj pou peryòd ki endike pi wo a pou chak pwogram.</li> </ul>
<b>RÈG TRAVAY SNAP</b>	Pou moun nan kay la – ki anfòm sou plan fizik ak mantal – ki gen plis pase 15 ane epi ki poko gen 60 lane – pa otreman egzante oswa ki gen motif valab.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Premye fwa - yon mwa epi jiskaske ou fè sa ki nesèsè.</li> <li>• Dezyèm fwa - twa mwa epi jiskaske ou fè sa ki nesèsè.</li> <li>• Twa fwa oswa plis - sis mwa chak fwa epi jiskaske ou fè sa ki nesèsè.</li> </ul>
	Refize: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Aksepte yon travay.</li> <li>• Pale CAO de sityasyon travay ak disponiblite travay.</li> </ul>	
<b>RÈG TRAVAY NAN ZAFÈ LAJAN KACH</b>	Fè ekspre, pa satisfè kondisyon travay pou lajan kach, jan sa ekri nan Akò Responsablite Mityèl la (AMR).	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Premye vyolasyon - Ou p ap elijib pou yon minimòm 30 jou oswa jiskaske ou rive konfòme w, kèlkeswa sa ki pi long lan.</li> <li>• Dezyèm vyolasyon - Ou p ap elijib pou yon minimòm 60 jou oswa jiskaske ou rive konfòme w, kèlkeswa sa ki pi long lan.</li> <li>• Twazyèm vyolasyon - Yo pral diskalifye w pou toutan.</li> </ul> Si rezon pou sanksyon an rive nan premye 24 mwa yo apre resepsyon asistans lajan kach la, kit se youn apre lòt oswa avèk entèripsyon, sanksyon an aplike sèlman pou moun nan.  Si rezon pou sanksyon an rive apre 24 mwa apre resepsyon asistans lajan kach la, kit se youn apre lòt oswa avèk entèripsyon, sanksyon an aplike pou tout fanmi an.



# Konprann Dwa ak Responsablite w yo

Lè mwen siyen fòmilè sa a:

- Mwen konprann ke Pennsylvania resevwa enfòmasyon nan men Sistèm Verifikasyon Kalifikasyon Revni (IEVS), enstitisyon finansye, rapò konsomatè, ak ajans etatik ak federal pou verifye enfòmasyon mwen bay yo. Yo pral mande enfòmasyon ki disponib atravè IEVS ak lòt antite yo, itilize yo epi yo ka verifye yo atravè kontak kolateral lè ajans leta a jwenn detay kontradiktwa, epi enfòmasyon sa yo ka afekte elijiblite fwaye mwen an ak nivo avantaj yo.
- Mwen konprann ke lè mwen siyen aplikasyon sa a, mwen otorize nenpòt enstitisyon finansye pou divilge, pa mwayen elektwonik oswa nenpòt lòt mwayen, tout enfòmasyon finansye ki nan men enstitisyon sa a, bay Depatman Sèvis Sosyal oswa ajan oswa kontraktè li dezinye nan bi pou idantifye ak verifye resous (yo rele tou "byen") lè sa nesesè pou detèmine ak redetèmine elijiblite pou Asistans Medikal. Mwen konprann ke enfòmasyon finansye gen ladan depo, retrè, fèmti kont ak lòt enfòmasyon enpòtan ke enstitisyon finansye a mande oswa resevwa, ki gen ladan lòt tranzaksyon enstitisyon finansye a fè konsènan kont lan oswa byen an. Mwen konprann otorizasyon sa a valab jiskaske yo refize oswa sispann elijiblite Asistans Medikal la, oswa si mwen deside anile li pa notifikasyon alekri nan depatman an, kèlkeswa sa ki rive an premye. Mwen konprann si mwen anile otorizasyon sa a, sa ka fè mwen menm oswa fanmi mwen pa elijib pou Asistans Medikal.
- Mwen konprann si mwen defòme, kache oswa kenbe reyalyte ki ka afekte elijiblite mwen pou avantaj yo, mwen ka oblije ranbouse avantaj mwen yo epi yo ka pouswiv mwen ak diskalfifye mwen pou resevwa sèten avantaj alavni.
- Mwen konprann ke mwen ka dezinye yon reprezantan otorize lè mwen ranpli seksyon Reprezantan Otorize a epi soumèt li avèk aplikasyon sa a.
- Mwen konprann epi mwen dakò ke mwen responsab pou nenpòt fo deklarasyon ki fèt nan aplikasyon sa a, menm si aplikasyon an soumèt pa yon moun ki ajè nan non mwen.
- Mwen te resevwa yon kopi dwa ak responsablite mwen yo, mwen te li yo oswa yon moun te li yo pou mwen, epi mwen konprann yo.
- Mwen konprann enfòmasyon ki antre nan aplikasyon sa a pral rete an sekre epi yo pral sèvi sèlman pou administratè avantaj yo. Mwen otorize divilgasyon enfòmasyon pèsonèl, finansye ak medikal nan bi pou detèmine elijiblite.
- Mwen konprann ke Depatman Sèvis Sosyal la oswa moun ki dezinye pou li yo ka kontakte m an atravè metòd ki gen ladan imèl ak mesaj tèks pou ede pwosesis aplikasyon mwen an oswa mande fidbak sou pwosesis aplikasyon an. Si mwen pa vle imèl oswa mesaj tèks, mwen konprann Depatman Sèvis Sosyal la ap toujou trete aplikasyon mwen an.
- Mwen konprann nenpòt chanjman mwen oblije deklare yo dwe deklare nan premye 10 jou nan mwa a apre mwa chanjman an.
- Mwen konprann fwaye mwen ka pèdi avantaj SNAP yo si yon manm fwaye a resevwa lotri oswa pwofit jwèt aza ki egal oswa plis pase limit resous SNAP pou fwaye granmoun aje oswa andikapè yo.
- Mwen konprann mwen pral resevwa yon avi alekri ki eksplike avantaj yo. Si yo refize, chanje, sispann oswa kanpe avantaj yo, avi alekri a pral eksplike poukisa.
- Mwen konprann ke mwen pral gen 30 jou (90 jou pou avantaj SNAP (koupon pou manje) apati dat avi a pou mande yon odyans si mwen pa dakò ak desizyon yo te pran sou aplikasyon sa a.
- Mwen konprann sityasyon mwen an tonbe anba verifikasyon pa anplwayè yo, sous finansye ak lòt tyès pati yo.
- Mwen konprann ke aplikan yo dwe bay nimewo Sekirite Sosyal yo oswa aplike pou youn si yo pa genyen. Yo ka itilize nimewo sa a pou verifye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a.
- Mwen konprann ke mwen dwe itilize Transfè Avantaj Elektwonik (EBT) oswa Kat PA ACCESS la sèlman pandan peryòd mwen elijib la. Mwen dwe itilize EBT a oswa Ka PA ACCESS la sèlman pou moun ki elijib a epi ki ka jwenn sèlman avantaj ki nesesè ak rezonab yo.
- Mwen konprann mwen pa ka itilize lajan Asistans Lajan Kach ki soti nan kat PA ACCESS mwen pou fè tranzaksyon EBT nan magazen alkòl, kazino (kazinò jwèt aza, etablisman jwèt aza), oswa kote pou amizman granmoun.
- Mwen konprann mwen pa oblije bay yon nimewo Sekirite Sosyal pou yon moun ki p ap aplike pou asistans. Si mwen bay nimewo Sekirite Sosyal li, yo ka itilize li pou verifye enfòmasyon sou aplikasyon sa a.

- Mwen sètifye ke tout enfòmasyon ki antre yo se laverite avèk risk sanksyon pou fo temwayaj.
- Mwen konprann mwen gen dwa a yon sètifika kouvèti kredita pou verifye kouvèti medikal mwen. Lwa federal la limite lè yo ka refize oswa limite kouvèti Asistans medikal pou yon kondisyon ki deja egziste. Si mwen enskri nan yon plan sante gwoup ki gen yon kloz kondisyon ki te deja egziste, mwen ka jwenn kredi pou tan mwen te resevwa Asistans Medikal.
- Mwen konprann si yo detèmine mwen elijib pou Asistans Medikal, yo pral mete m nan pake avantaj Asistans Medikal ki pi konplè ki disponib pou mwen. Mwen konprann ke mwen ka oblije enskri nan yon plan sante. Mwen konprann enskripsyon nan yon plan sante ka gratis oswa bon mache pou mwen, paske Depatman an peye yon frè chak mwa nan plan sante a pou mwen. Mwen konprann frè mansyèl la se yon frè pou chak moun. Mwen konprann si mwen resevwa Asistans Medikal ke mwen pa elijib pou li, akòz erè, fwod, oswa nenpòt lòt rezon, apre sa mwen ka oblije ranbouse Depatman an tout frè mansyèl ki peye nan non mwen.
- Si mwen resevwa avantaj lajan kach, mwen pral kolabore ak kondisyon pwogram aplikasyon pansyon alimantè pou timoun jan depatman an mande sa. Mwen bay Depatman an ak Seksyon Relasyon Domestik la dwa pou pouswiv ak kolekte lajan kach ak/oswa sipò medikal pou mwen menm ak lòt moun mwen ap aplike pou yo.
- Mwen konprann si mwen rapòte oswa bay prèv depans fwaye a, mwen pral jwenn kantite maksimòm SNAP (koupon pou manje) avantaj yo otorize. Si mwen pa deklare oswa bay prèv depans fwaye a, sa pral konsidere kòm deklarasyon mwen ke mwen pa vle resevwa yon dedikasyon pou depans ki pa rapòte oswa ki pa pwouve yo. (Otorite: Depatman Agrikilti, Sèvis Manje ak Nitrisyon Etazini, Rejyon Mid-Atlantic, Avi Administratif 6-99, pibliye nan dat 4 Janvyè 1999).
- Mwen konprann mwen gen dwa resevwa kredi pou depans fwaye a nan moman mwen rapòte epi bay prèv yo nenpòt ki lè pandan peryòd sètifikasyon SNAP (koupon pou manje) mwen an.
- Mwen konprann mwen gen dwa mande biwo asistans konte a (CAO) asistans pou jwenn prèv depans yo epi CAO ka kontakte lòt moun pou konfimasyon si mwen gen pwoblèm pou jwenn prèv pou yon bagay.
- Mwen konprann si kèk oswa tout moun ki aplike yo pa kalifye pou Asistans Medikal, yo ka elijib pou CHIP.
- Mwen konprann si kèk oswa tout moun ki aplike yo pa kalifye pou Asistans Medikal, yo ka elijib pou avantaj federal ak/oswa eksplòre opsyon swen sante prive atravè Pennsylvania 's Health Insurance Marketplace (Pennie). Si se sa, mwen otorize Depatman an bay Pennie non mwen ak enfòmasyon sou aplikasyon sa a.
- Renouvèlman kouvèti nan ane k ap vini yo:** Pou rann li pi fasil pou detèmine elijiblite mwen pou èd pou peye pwoteksyon sante nan ane k ap vini yo, mwen dakò pou pèmèt Mache Asirans Sante Pennsylvania (Pennie) itilize done revni mwen, ki gen ladan enfòmasyon ki soti nan deklarasyon revni yo. Pennie pral voye yon avi ban mwen, kite m fè nenpòt ki chanjman, epi mwen ka dezenskri nenpòt ki lè.

**Wi, renouvle elijiblite mwen otomatikman pou pwochen an:**  
(Tcheke youn):

- Senk ane (maksimòm kantite ane yo otorize)
- Kat lane
- Twa lane
- De lane
- Yon lane
- Pa itilize enfòmasyon mwen yo nan deklarasyon revni pou renouvle kouvèti sante mwen an.





# AVI SOU PRATIK VI PRIVE

## AVI SA BAY DETAY SOU JAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU DWE ITILIZE, PIBLIYE AK KIJAN OU KA GENYEN AKSÈ A ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE L AVÈK ANPIL ATANSYON.

Avi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo. Si ou bezwen aplikasyon sa a nan yon lòt lang oswa yon moun pou entèprete, tanpri kontakte biwo asistans konte lokal ou a. Y ap bay asistans lengwistik gratis.

Este aviso contiene información importante acerca de la privacidad de su información médica. Si necesita este aviso en otro idioma o alguien para que interprete, comuníquese con la Oficina de Asistencia de su Condado. La asistencia bilingüe será gratuita.

Данное уведомление содержит важные сведения относительно конфиденциальности вашей медицинской информации. Если вам нужно данное уведомление на другом языке или вам нужны услуги устного переводчика, обращайтесь в Бюро помощи вашего округа (County Assistance Office). Переводческие услуги предоставляются бесплатно.

此通知包括关于您的医疗信息的个人隐私方面的重要资料。如果您需要此通知译成其它语言或需要有人替您翻译，请联系您所在地区的郡县援助办事处。可提供免费语言协助。

Thông báo này gồm những thông tin quan trọng về việc bảo mật các chi tiết y tế cá nhân của quý vị. Nếu cần có thông báo này bằng một ngôn ngữ khác hay người để thông dịch, xin quý vị liên lạc với Văn Phòng Trợ Cấp Địa Phương. Trợ giúp ngôn ngữ sẽ được cung cấp miễn phí.

សំបុត្រនេះមានព័ត៌មានសំខាន់ៗអំពីការអភិរក្សភាពសម្ងាត់ព័ត៌មានពេទ្យរបស់លោកអ្នក។ បើលោកអ្នកត្រូវការសំបុត្រនេះ ជាភាសាផ្សេងទៀត ឬត្រូវការអ្នកបកប្រែសំបុត្រនេះ យើងនឹងជួយលោកអ្នកឱ្យបានឥតគិតថ្លៃ។ សូមទាក់ទងការិយាល័យយើងដើម្បីរៀបរយសំណើអ្នក។ ព័ត៌មានបន្ថែមអាចទទួលបានពីការិយាល័យយើងផងដែរ។

يحتوي هذا الإخطار على معلومات هامة حول خصوصية المعلومات الطبية المتعلقة بك. إذا كنت بحاجة إلى هذا الإخطار بلغة أخرى أو إلى شخص ما لترجمته لك، فيرجى الاتصال بمكتب معونة المقاطعة المحلي. وستقدم المساعدة اللغوية مجانًا.

Depatman Sèvis Sosyal (DHS) bay ak peye pou anpil kalite avantaj ak sèvis sosyal. Nou detèmine tou elijiblite yon moun pou resevwa avantaj ak sèvis. Pou fè bagay sa yo, nou dwe kolekte enfòmasyon pèsònèl ak sante sou ou ak/oswa fanmi ou. Enfòmasyon nou kolekte sou ou ak/oswa fanmi ou rete prive. Nou rele enfòmasyon sa yo "enfòmasyon sante pwoteje."

DHS pa itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante DHS sof si lalwa pèmèt oswa egzijè sa. Lalwa egzijè DHS pou kenbe sekre enfòmasyon sante pwoteje yo, pou bay moun yo avi sou obligasyon legal yo ak pratik konfidansyalite konsènan enfòmasyon sante pwoteje yo epi pou notifiye moun ki afekte yo nan ka yon vyolasyon enfòmasyon sante pwoteje ki pa garanti. Antanke "antite ki kouvri," DHS dwe swiv lwa ki aplikab ki pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante pwoteje ou yo ki gen ladan règ konfidansyalite Lwa sou Pòtabilite ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA). Dapre HIPAA, ajans Medicaid yo, sèten plan sante ak founisè swen sante se egzanp antite ki kouvri ki dwe respekte HIPAA a. Lòt lwa ki ka aplike gen ladan règleman konsènan enfòmasyon konfidansyèl sou Asistans Medikal, avantaj, sante konpòtman, abi sibstans/tretman ak VIH/SIDA. Lè nou itilize oswa divilge enfòmasyon sante pwoteje, nou fè tout efò rezonab pou limite itilizasyon oswa divilgasyon yo nan minimòm ki nesèsè pou reyalize objektif nou vle a. Avi sa a eksplike dwa a konfidansyalite enfòmasyon sante pwoteje w yo ak fason nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sa yo. Pou plis enfòmasyon sou pratik konfidansyalite DHS, oswa pou resevwa yon lòt kopi avi sa a, tanpri kontakte nou. Pou enfòmasyon sou fason pou kontakte nou, gade seksyon "Kesyon oswa Plent" nan dènye paj avi sa a.

Lalwa egzijè nou pou nou swiv kondisyon avi sa a. Nou rezève nou dwa pou chanje kondisyon avi sa a epi rann nouvo dispozisyon avi yo efektif pou tout enfòmasyon sante pwoteje nou kenbe. Si nou fè yon chanjman enpòtan nan politik oswa pwosedi konfidansyalite nou yo, nou pral afiche yon kopi revize avi a sou sit entènèt nou an ak/oswa ba ou yon nouvo avi sou konfidansyalite pa lapòs oswa an pèsòn. Ou ka mande epi resevwa yon kopi papye avi sa a nenpòt ki lè.

### Kisa enfòmasyon pwoteje sou sante yo ye?

Enfòmasyon pwoteje sou sante yo se enfòmasyon sou ou ki gen rapò ak yon kondisyon sante fizik, prezan oswa alavni, tretman oswa peman pou tretman, epi ki ka itilize pou idantifye ou. Enfòmasyon sa a gen ladan tout enfòmasyon, swa vèbal oswa anrejistre nan nenpòt fòm, ki kreye oswa resevwa pa DHS oswa moun oswa òganizasyon ki gen kontra avèk DHS. Sa gen ladan enfòmasyon elektwonik ak enfòmasyon nan nenpòt lòt fòm oswa mwayen ki ta ka idantifye w, pa egzanp:

Non w (oswa non pitit ou yo)  
Adrès  
Dat Nesans  
Dat admisyon/egzeyat  
Kòd dyagnostik

Nimewo telefòn  
Nimewo dosye DHS  
Nimewo Sekirite Sosyal:  
Kòd pwosedi medikal



## Ki moun ki wè ak pataje enfòmasyon sante mwen?

Pwofesyonèl DHS (tankou travayè sosyal ak lòt biwo asistans konte ak anplwaye pwogram) ak moun ki andeyò DHS (tankou kontraktè nou yo, anplwaye òganizasyon antretyen sante (HMO), enfimyè, doktè, terapès, travayè sosyal ak administratè) ka wè epi itilize enfòmasyon sante ou pou detèmine elijibilite ou pou avantaj, tretman, peman oswa pou lòt rezon obligatwa oswa otorize. Pataje enfòmasyon sou sante ou ka gen rapò ak sèvis ak avantaj ou te genyen anvan, resevwa kounye a, oswa ou ka resevwa pita. DHS pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon jenetik sou ou lè l ap deside si ou elijib pou Medicaid.

## Poukisa DHS itilize ak divilge enfòmasyon sante pwoteje mwen yo?

Gen plizyè rezon ki fè nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou yo. Lalwa di nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon san konsantman ou oswa otorizasyon pou rezon ki dekri anba a.

**Pou Tretman:** Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon pou ou ka resevwa tretman medikal oswa sèvis. Pa egzanp, nou ka divilge enfòmasyon doktè w, lopital oswa terapès ou bezwen konnen pou ba w bon jan swen epi pou kowòdone tretman w ak lòt moun k ap ede ak swen w.

**Pou Peman:** Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon pou peye pou tretman ou ak lòt sèvis. Pa egzanp, nou ka fè echanj enfòmasyon sou ou avèk doktè ou, lopital, mezon retrèt, oswa yon lòt ajans gouvènman an pou peye bòdwo yo pou tretman ou ak sèvis ou yo.

**Pou Fonksyonman Pwogram nou yo:** Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon nan kad aktivite òdinè nou yo pandan n ap jere divès pwogram nou yo. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon sou sante w pou kontakte w pou bay enfòmasyon sou randevou, enfòmasyon ki gen rapò ak sante ak avantaj ak sèvis. Epitou nou ka revize enfòmasyon nou resevwa nan men doktè ou, lopital, mezon retrèt ak lòt founisè swen sante pou egzamine fason pwogram nou yo ap travay oswa pou egzamine bezwen ak kalite sèvis swen sante yo bay oumenm ak/oswa fanmi ou.

**Pou Aktivite Sante Piblik:** Nou rapòte enfòmasyon sou sante piblik bay lòt ajans gouvènman an konsènan bagay tankou maladi kontajye, enfòmasyon sou vaksinasyon, ak swiv kèk maladi tankou kansè.

**Pou Rezon Aplikasyon Lalwa ak jan pwosedi legal yo egzije sa:** Nou pral divilge enfòmasyon bay lapolis oswa lòt otorite aplikasyon lalwa jan òdonans tribinal la egzije sa.

**Pou Pwogram Gouvènman yo:** Nou ka divilge enfòmasyon bay yon founisè, ajans gouvènman oswa lòt òganizasyon ki bezwen konnen si ou enskri nan youn nan pwogram nou yo oswa si w ap resevwa avantaj nan lòt pwogram tankou Pwogram Konpansasyon Travayè yo.

**Pou Sekirite Nasyonal:** Nou ka divilge enfòmasyon gouvènman federal la mande lè yo ap mennen ankèt sou yon bagay enpòtan pou pwoteje peyi nou an.

**Pou Sante Piblik ak Sekirite:** Nou ka divilge enfòmasyon pou anpeche gwo menas pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la.

**Pou Rechèch:** Nou ka divilge enfòmasyon pou rezon rechèch ki otorize ak pou prepare rapò. Rapò sa yo pa idantifye yon moun espesifik.

**Pou Medsen Lejis yo, Direktè Ponp Finèb Don Ògàn:** Nou ka divilge enfòmasyon bay yon medsen lejis oswa egzaminatè medikal pou rezon idantifikasyon, detèminasyon kòz lanmò, don ògàn ak rezon ki konsène. Nou ka divilge enfòmasyon tou bay direktè ponp finèb pou fè travay ki gen rapò ak finèb yo.

**Pou Rezon ki Otreman Obligatwa dapre Lwa:** DHS ka itilize oswa divilge enfòmasyon sante pwoteje ou nan limit itilizasyon oswa divilgasyon an otreman obligatwa dapre lalwa. Itilizasyon oswa divilgasyon an fèt an konfòmite ak lalwa epi li limite a egzijans lalwa yo.

## Èske lòt lwa pwoteje kèk enfòmasyon sante sou mwen tou?

DHS respekte tou lòt lwa federal ak etatik ki bay plis pwoteksyon vi prive pou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou ou. Pa egzanp, si nou gen enfòmasyon sou VIH oswa abi sibstans, avèk kèk eksepsyon, nou ka pa divilge li san pèmasyon espesyal, siyen alekri ki konfòm avèk lwa a. Nan kèk sitiyasyon, lalwa egzije nou tou pou nou jwenn pèmasyon alekri anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon konsènan sante mantal oswa andikap entelektiyèl ak sèten lòt enfòmasyon.





## Èske mwen ka mande DHS pou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante mwen?

Pafwa, ou ka bezwen oswa vle gen enfòmasyon sante pwoteje ou voye oswa ki otreman divilge bay yon moun oswa yon lòt kote pou rezon ki pa tretman, peman, opere pwogram nou yo, oswa lòt rezon otorize oswa obligatwa ki pa bezwen otorizasyon ekri ou. Si se konsa, yo ka mande w siyen yon fòm otorizasyon, sa ki pèmèt nou voye oswa otreman divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje w jan w mande sa.

Fòmilè otorizasyon an di nou ki sa, ki kote ak bay ki moun nou pral voye oswa divilge enfòmasyon yo. Ou ka anile otorizasyon w lan oswa limite kantite enfòmasyon yo dwe divilge a nenpòt ki moman lè w fè nou konnen alekri, eksepte nan limit DHS te deja poze aksyon anrapò ak otorizasyon an.

Si ou gen mwens pase 18 ane epi, dapre lalwa, ou kapab bay konsantman pou pwòp swen sante ou, lè sa a ou pral gen kontwòl sou enfòmasyon sante sa yo. Ou ka mande pou yo voye enfòmasyon sou sante w bay nenpòt moun k ap ede w ak swen sante w.

Eksepte jan sa dekri nan Avi sa a, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou san otorizasyon alekri ou. Pa egzanp, HIPAA jeneralman mande otorizasyon alekri anvan yon antite ki kouvri ka itilize oswa divilge nòt sikoterapi yon moun. Nan pifò ka yo, HIPAA egzije tou otorizasyon alekri anvan yon antite ki kouvri ka itilize oswa divilge enfòmasyon pwoteje sou sante yo pou rezon maketing oswa anvan li vann yo.

## Ki dwa mwen genyen konsènan enfòmasyon sou sante mwen?

Antanke kliyan DHS, ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon pwoteje sou sante ou ke nou itilize ak divilge:

**Dwa pou w wè ak kopye enfòmasyon sou sante w** : Ou gen dwa pou w wè pifò enfòmasyon sou sante w pwoteje epi pou w resevwa yon kopi li. Si ou vle kopi enfòmasyon ou gen dwa wè, yo ka chaje w yon ti frè. Sepandan, an jeneral, ou ka pa wè oswa resevwa yon kopi: (1) nòt sikoterapi; oswa (2) enfòmasyon ki ka pa divilge ba ou dapre lwa federal.

Si nou refize demann ou an pou enfòmasyon sante pwoteje, n ap ba ou yon eksplikasyon alekri pou refi a ak dwa ou konsènan refi a.

DHS pa resevwa oswa kenbe yon dosye sou tout enfòmasyon sante pwoteje ou yo. Doktè, lopital, mezon retrèt ak lòt founisè swen sante (ki gen ladan yon HMO, si ou enskri nan youn) ka gen enfòmasyon sante pwoteje ou tou. Ou gen dwa tou pou enfòmasyon sou sante ou atravè doktè ou oswa lòt founisè ki gen dosye sa yo.

**Dwa pou Korije oswa Ajoute Enfòmasyon**: Si w panse kèk nan enfòmasyon sante pwoteje nou genyen yo pa bon, ou ka mande nou alekri pou korije oswa ajoute nouvo enfòmasyon. Ou ka mande nou voye enfòmasyon ki korije oswa nouvo bay lòt moun ki te resevwa enfòmasyon sou sante ou nan men nou. Nan kèk ka, nou ka refize demann ou an pou korije oswa ajoute enfòmasyon. Si nou refize demann ou an, n ap ba ou yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè nou te refize demann ou an. Nou pral eksplike tou sa ou ka fè si ou pa dakò ak desizyon nou an.

**Dwa pou resevwa yon Lis Divilgasyon**: Ou gen dwa pou resevwa yon lis kote yo te voye enfòmasyon sante pwoteje ou, sof si yo te voye li pou rezon ki gen rapò ak tretman, peman, fonksyonman pwogram nou yo, oswa si lalwa di nou pa oblije ajoute divilgasyon an nan lis la. Pa egzanp, lalwa pa mande pou nou ajoute nan lis la divilgasyon nou ka te fè pou ou, fanmi ou oswa moun ki enplike nan swen ou, bay lòt moun ou te otorize nou fè divilgasyon bay, oswa pou enfòmasyon ki divilge anvan 14 avril 2003.

**Dwa pou Mande Restriksyon sou Itilizasyon ak Divilgasyon**: Ou gen dwa pou mande nou mete restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pwoteje sou sante ou yo. Nou ka pa kapab dakò ak demann ou an. Anfèt, nan kèk sitiyasyon, nou pa gen dwa mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon yo. Si nou pa ka reponn a demann ou an, n ap di w poukisa. Eksepte si lalwa egzije otreman, nou dwe reponn a demann ou an pou mete restriksyon sou divilgasyon nan yon plan sante si objektif divilgasyon an se pa pou tretman ak si yo te peye konplètman sèvis medikal demann lan aplike ak yo a.

**Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl**: Ou ka mande nou pou kominike avèk ou nan yon sèten fason oswa nan yon sèten kote. Pa egzanp, ou ka mande nou kontakte w pa lapòs sèlman.

**Dwa pou resevwa Notifikasyon sou yon vyolasyon**: Ou gen dwa pou resevwa notifikasyon si gen yon vyolasyon enfòmasyon sante pwoteje ou ki pa sekirize



## Kiyès pou mwen kontakte konsènan dwa mwen oswa pou poze kesyon sou avi sa a?

Ou ka rele liy èd DHS HIPAA, gratis nan 800-692-7462 pou diskite sou dwa ou yo oswa pou poze kesyon sou avi sa a. Ou ka kontakte tou travayè sosyal ou a oswa founisè swen sante w la oswa ekri DHS's Privacy Office, 3rd Floor West, Health and Welfare Building, 7th and Forster Streets, Harrisburg, PA 17120.

Ou ka resevwa enfòmasyon enpòtan oswa mizajou nan avi sa a lè w vizite sitwèb DHS la nan [www.dhs.pa.gov](http://www.dhs.pa.gov).

## Kouman mwen ka depoze yon plent?

Ou ka kontakte swa biwo ki nan lis anba a si ou vle depoze yon plent sou fason DHS te itilize oswa divilge enfòmasyon sou ou. Pa gen okenn penalite paske ou depoze yon plent. Avantaj ou yo pa pral afekte oswa chanje si ou depoze yon plent. DHS ak anplwaye li yo ak kontraktè yo pa ka epi yo pa pral fè vanjans kont ou paske yo te depoze yon plent.

PENNSYLVANIA DEPARTMENT OF HUMAN SERVICES PRIVACY OFFICE  
3RD FLOOR WEST, HEALTH AND WELFARE BUILDING  
7TH AND FORSTER STREETS  
HARRISBURG, PA 17120

REGION III  
U.S. DEPARTMENT OF HEALTH & HUMAN SERVICES  
OFFICE FOR CIVIL RIGHTS  
150 S. INDEPENDENCE MALL WEST - SUITE 372  
PHILADELPHIA, PA 19106-9111

**Efektif: Avril 2003 – Revize 28 jiyè 2015**



**pennsylvania**  
DEPARTMENT OF HUMAN SERVICES



ATANSYON: Si w pale yon lòt lang, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-800-692-7462 (TDD: 711).

ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-800-692-7462 (TDD: 711).

注意: 如果您使用繁體中文, 您可以免費獲得語言援助服務。請致電請致電 1-800-692-7462 (TDD: 711)。

ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вы можете воспользоваться бесплатными услугами перевода. Своните 1-800-692-7462 (телетайп: 711).

CHÚ Ý: Nếu bạn nói Tiếng Việt, có các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho bạn. Gọi số 1-800-692-7462 (TDD: 711).

ប្រយ័ត្ន: បើសិនជាអ្នកនិយាយ ភាសាខ្មែរ, សេវាជំនួយផ្នែកភាសា ដោយមិនគិតល្អ្ល គឺអាចមានសំរាប់អ្នក។  
ចូរ ទូរស័ព្ទ 1-800-692-7462 (TTY: 711)

ملحوظة: إذا كنت تتحدث لغة أخرى، فسوف تتوفر لك خدمات المساعدة اللغوية مجاناً. اتصل برقم 1-800-692-7462 (رقم هاتف الصم والبكم: 711)

주: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-800-692-7462 (TDD: 711) 번으로 전화해 주십시오.

સુચના: જો તમે ગુજરાતી બોલતા હો, તો નિ:શુલ્ક ભાષા સહાય સેવાઓ તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે.  
ફોન કરો 1-800-692-7462 (TTY: 711).

Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-800-692-7462 (ATS : 711).

ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-800-692-7462 (TDD: 711).

লক্ষ্য করুন: আপনি যদি বাংলায় কথা বলতে পারেন, তাহলে আপনি বিনা খরচে ভাষা সহায়তা পরিষেবা নিতে পারেন। 1-800-692-7462- নম্বরে কল করুন (TTY: 711 )

သတိပြုရန် - အကယ်၍ သင်သည် မြန်မာစကား ကို ပြောပါက၊ ဘာသာစကား အကူအညီ၊ အခမဲ့၊ သင့်အတွက် စီစဉ်ဆောင်ရွက်ပေးပါမည်။ ဖုန်းနံပါတ် 1-800-692-7462 (TTY: 711) သို့ ခေါ်ဆိုပါ။

ATENÇÃO: Se fala português, encontram-se disponíveis serviços linguísticos, grátis. Ligue para 1-800-692-7462 (TDD: 711).

KUJDES: Nëse flitni shqip, për ju ka në dispozicion shërbime të asistencës gjuhësore, pa pagesë. Telefononi në 1-800-692-7462 (TDD: 711).

ध्यान दिनुहोस्: यदि तपाईं नेपाली भाषा बोल्नुहुन्छ भने भाषा सहायता सेवाहरू तपाईंको लागि नि:शुल्क रूपमा उपलब्ध छन्। 1-800-692-7462 (TDD: 711 ) मा फोन गर्नुहोस्।



**pennsylvania**

DEPARTMENT OF HUMAN SERVICES

